

OTORIZASYON POU BAY ENFÒMASYON SOU SANTE

Non pasyan an	Dat nesans li	Nimewo ID/#OSIS pasyan an
Adrès pasyan an		

Mwen menm, oswa moun ki gen otorizasyon pou reprezante m lan, mande pou yo bay enfòmasyon sante konsènan swen ak tretman m ap resevwa jan yo di l nan fòm sa a: An konfòmite avèk lwa Eta Nouyòk ak Règleman konfidansyalite lwa sou pòtabilite ak responsablite asirans sante 1996 la (Privacy Rule of the Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA), mwen konprann:

- Otorizasyon sa a kapab pèmèt yo divilge enfòmasyon ki gen rapò avèk **IZAJ ALKÒL ak DWÒG, TRETMAN SANTE MANTAL**, eksepte nòt sikoterapi ak **ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL KI GEN POU WÈ AVÈK VIH/SIDA*** sèl si mwen mete inisyal mwen sou liy ki la pou sa nan seksyon 7 la. Si enfòmasyon sante ki pi ba a genyen nenpòt nan tip enfòmasyon sa yo, epi mwen mete inisyal mwen sou liy kazye 7 la, mwen otorize espesifikman pou yo divilge enfòmasyon sa yo bay Depatman sante ak ijyèn mantal Vil Nouyòk (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) ak bay Depatman edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, DOE), k ap dirije ansanm Biwo sante nan lekòl.
- Si m otorize bay enfòmasyon ki gen rapò avèk VIH/SIDA, tretman alkòl oswa dwòg oswa enfòmasyon sou tretman maladi mantal, li entèdi pou DOHMH limenm redivilge enfòmasyon sa yo san otorizasyon m sofsi lalwa federal oswa lwa Eta a pèmèt sa a. Mwen konprann mwen gen dwa mande yon lis moun ki ka resevwa oswa itilize enfòmasyon ki gen rapò avèk enfòmasyon mwen sou VIH/AIDS san otorizasyon m. Si mwen viktim diskriminasyon akòz enfòmasyon ki gen rapò avèk VIH ke yo bay, mwen ka kontakte Divizyon dwa moun nan eta Nouyòk nan (888) 392-3644 oswa Komisyon dwa moun Vil Nouyòk nan (212) 306-7450. Ajans sa yo gen responsablite pou pwoteje dwa m.
- Mwen gen dwa pou m anile otorizasyon sa a nenpòt lè si m ekri doktè mwen te otorize pou divilge enfòmasyon yo. Mwen konprann ke mwen ka anile otorizasyon sa a eksepte si yo te deja pran mezi sa a dapre otorizasyon sa a.
- Mwen konprann m ap siyen otorizasyon sa a si m vle. Tretman m, peman, anwolman m nan yon plan sante oswa elijiblite m pou benefis pa p gen rapò avèk otorizasyon mwen bay pou divilge enfòmasyon sa yo.
- DOHMH oswa DOE ka divilge enfòmasyon an yon lòt fwa dapre otorizasyon sa a (eksepte jan yo di l nan seksyon 2 pi wo a); lè yo divilge enfòmasyon an yon lòt fwa, kapab pa gen pwoteksyon lwa federal ni lwa eta a pou sa.
- MWEN OTORIZE TOUT FOUNISÈ SWEN SANTE MWEN YO POU BAY DEPATMAN SANTE AK IJYÈN MANTAL VIL NOUYÒK AK DEPATMAN EDIKASYON VIL NOUYÒK ENFÒMASYON SA A, AK DISKITE SOU ENFÒMASYON SA A AVÈK YO.**

<p>7. Enfòmasyon espesifik pou yo divilge ak diskite:</p> <p>Tout enfòmasyon sou sante (aloral oswa alekri) paegzanp istwa sante pasyan an, nòt doktè pran lè l ap egzamine pasyan an (eksepte nòt sikoterapi), rezilta tèl laboratwa, rezilta radyoloji, film, rekòmandasyon ba lòt doktè pou tretman, konsiltasyon, dosye bòdwo, dosye asirans ak dosye lòt founisè swen sante voye ba doktè m/founisè k ap ban m swen sante a.</p> <p>Pou pasyan ki gen nenpòt nan kondisyon sante ki nan lis anba a, mete inisyal ou pou otorize yo divilge enfòmasyon an: (mete inisyal ou)</p> <p>_____ Enfòmasyon sou tretman pou Alkòl/Dwòg. <i>Presize ki dosye pou yo divilge ak òganizasyon ki pou divilge yo:</i> _____</p> <p>_____ Enfòmasyon sou sante mantal</p> <p>_____ Enfòmasyon ki gen rapò avèk VIH/SIDA</p> <p><input type="checkbox"/> Si mwen tcheke kazye sa a, divilge ak diskite sèlman enfòmasyon sante mwen presize la a: _____</p> <p><i>(Itilize kazye sa a si w pa vle yo divilge oswa pibliye tout dosye a.</i></p>	
<p>8. REZON KI FÈ YO MANDE POU DIVILGE ENFÒMASYON YO: Y AP DIVILGE ENFÒMASYON SA A SOU DEMAND PASYAN AN OSWA REPREZANTAN LI LALWA BAY OTORIZASYON, AMWESNKE YO DI YON LÒT BAGAY LA A:</p>	<p>9. OTORIZASYON SA A AP DIRE JISKASKE PASYAN SA A PA NAN YON LEKÒL OSWA YON PWOGRAM DOE AP DIRIJE OSWA YON PWOGRAM BIWO SANTE NAN LEKÒL AP OFRI, SOFSI GEN YON DAT EKSPIRASYON LA A:</p>
<p>10. <u>SI SE PA PASYAN AN, METE NON MOUN K AP SIYEN FÒM LAN: (PARAN/RESPONSAB DWE RANPLI)</u></p>	<p>11. LYEN AVÈK PASYAN AN:</p> <p><input type="checkbox"/> Mwenmenm <input type="checkbox"/> Paran/Responsab <input type="checkbox"/> Lòt lyen (tanpri dekre l pi ba a)</p>

Yo te ranpli tout kesyon ki nan fòm sa a epi yo te reponn tout kesyon mwen genyen sou fòm sa a, epi yo te remèt mwen yon kopi.

SIYATI PASYAN AN OSWA REPREZANTAN LALWA OTORIZE

DAT

* **Viris iminodefisyans imen (Human Immunodeficiency Virus) ki lakoz SIDA.** Lwa sou Sante Piblik Eta Nouyòk la pwoteje enfòmasyon ki ta ka idantifye, avèk rezon, yon moun ki

gen sentòm oswa enfeksyon VIH ak enfòmasyon konsènan kontak yon moun.

**Si yo presize yon dat ekspirasyon nan seksyon 9 ki pi wo a, fòm lan ap ekspire nan dat sa a epi paran oswa responsab pasyan an, oswa lòt moun lalwa otorize yo dwe voye yon nouvo fòm.